

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif kalayan ngagunakeun métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif miboga orientasi jeung metodologi anu beda. Panalungtikan kualitatif mandang realitas teh jamak jeung subyektif atawa sakumaha anu ditingal ku panalungtik, eta nurutkeun Yin (2011, kc. 15). Métode déskriptif digunakeun nalika miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hiji kajadian nu aya di jaman kiwari. Métode déskriptif bisa ngadéskripsikeun hiji variabel atawa leuwih tina hiji variabel panalungtikan. Métode panalungtikan mangrupa cara nu di gunakeun pikeun meunangkeun data nu diperlukeun dumasar stratégi, prosés jeung dina milih jenis, karakteristik, sarta diménsi ruang waktu tina data nu diperlukeun, éta nurutkeun Sudjana dina Mustikawati (2010, kc. 3).

Nurutkeun Nawawi dina Susmita (2015, kc. 3) métode déskriptif téh dihartikeun salaku prosédur matotoskeun masalah nu ditalungtik ku cara ngagambarkeun atawa ngalukiskeun kaayaan subjék atawa objék panalungtikan dina jaman kiwari dumasar fakta-fakta anu aya.


Nurutkeun Sudjana dina Mustikawati (2010, kc. 3) panalungtikan déskriptif, ilaharna digunakeun téhnik *study* kasus, *study* pengembangan, *study* kolérsi jeung survey.

Sacara singkat bisa dicindekkeun yén métode déskriptif mangrupa léngkah-léngkah ngalakukeun répréséntasi objéktif ngeunaan gejala-gejala nu aya dina masalah anu ditéangan.

Dina panalungtikan basa, métode déskriptif biasana digunakeun dina medar masalah struktur internal basa, di antarana struktur sora (fonologi), struktur kecap (morfologi), struktur kalimah (sintaksis), struktur wacana jeung struktur semantik. Ku kituna, métode déskriptif bisa dibéjérbéaskeun data-data nu dikumpulkeun dumasar kana hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan (Sudjana dina Mustikawati, 2010).

Dina pamarekan kualitatif nu maké métode déskriptif diperlukeun ayana desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa rarancang nu digunakeun

ku panalungtik dina ngalaksanakeun kagiatan. Desain panalungtikanna saperti kieu.



Bagan 3.1 : Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta artikel. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XII Bahasa SMA PGII 1 Bandung, jumlah siswana 36 urang, anu ngawengku 21 awewe jeung 15 lalaki. Tina éta data dikumpulkeun pikeun ngajaring data campur kode.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés, angkét, jeung studi dokuméntasi.

a) Téhnik Tés Tinulis

Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data artikel siswa kelas XII SMA PGII 1 Bandung taun ajar 2018/2019.

b) Téhnik Angkét

Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan faktor anu ngabalukarkeun lumangsungna campur kode dina artikel siswa kelas XII SMA PGII 1 Bandung taun ajar 2018/2019.

c) Studi Dokuméntasi

Studi dikumentasi digunakeun pikeun nganalisis wujud campur kode jeung wanda campur kode nu aya dina artikel siswa kelas XII SMA PGII 1 Bandung taun ajar 2018/2019.

Dumasar kana téhnik anu dipaparkeun di luhur, aya léngkah-léngkah ngumpulkeun data, di antarana:

- 1) nepikeun matéri nu geus ditepikeun ku guru ngeunaan artikel;
- 2) ngabagikeun lembar tés ka siswa pikeun nulis artikel; jeung
- 3) ngumpulkeun artikel hasil tulisan siswa.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta sakabéh alat atawa cara ngagunakeunna pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun sangkan leuwih gampang dina ngokolakeun hasil tina panalungtikan. Luyu jeung pamadegan Sudjana (2004, kc. 58), instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun pikeun meunangkeun data. Ieu alat kudu dipilih luyu jeung jenis data nu dipikahayang. Instrumén salaku alat pikeun ngumpulkeun data, dina hakékatna mah pikeun ngukur variabel panalungtikan. Instrumén kaitung penting dina panalungtikan, sabab tanpa instrumén nu alus, moal bisa meunangkeun data nu bener-bener bisa dipercaya, sahingga bisa nimbulkeun kasimpulan panalungtikan nu salah. (Sudjana, 2004, kc. 58).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lambaran tés, angkét, jeung kartu data.

2) Angkét

Angkét digunakeun pikeun mikanyaho faktor nu mangaruhan kana lumangsungna campur kode dina artikel siswa kelas XII SMA PGII 1 Bandung taun ajar 2018/2019.

ANGKÉT CAMPUR KODE

Wasta :
 Kelas :
 Sakola :
 Alamat :
 Basa nu dikawasa :
 Asal Bapa :
 Asal Indung :

A. Kulawarga

1. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung Bapa

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung Indung

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

3. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung lanceuk atawa adi

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

4. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung kulawarga séjéna

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

B. Sakola

1. Basa nu digunakeun nalika pangajaran basa Sunda

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nalika nyarita ka Guru basa Sunda

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

3. Basa nu digunakeun nalika nyarita dina waktos istirahat jeung babaturan

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

4. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung lanceuk tingkat/siswa siswi alumni

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

C. Masarakat

1. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung tatangga

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung babaturan ulin saumuran

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

3. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung babaturan ulin saluhureun

- a. Basa Sunda
- b. Bahasa Indonésia
- c. Basa Daérah Séjén
- d. Basa Campuran

Alesan:.....

4. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung babaturan ulin sahandapeun

- a. Basa Sunda
- b. Bahasa Indonésia
- c. Basa Daérah Séjén
- d. Basa Campuran

Alesan:.....

D. Media Sosial

1. Basa nu digunakeun nalika *chatting* jeung batur

- a. Basa Sunda
- b. Bahasa Indonésia
- c. Basa Daérah Séjén
- d. Basa Campuran

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nalika *update status*

- a. Basa Sunda
- b. Bahasa Indonésia
- c. Basa Daérah Séjén
- d. Basa Campuran

Alesan:.....

E. Sumber Informasi jeung Komunikasi

1. Bacaan di Imah

- A. Majalah :.....
- B. Koran :.....
- C. Nu Séjéna :.....

2. Acara Radio/TV

- A. Warta :.....
- B. Seni Sunda :.....
- C. Acara Séjéna :.....

3. Géngsi atawa henteu make basa Sunda?

Jawaban :.....

Alesan :.....

4. Hésé atawa henteu maké basa Sunda téh boh dina pangajaran, boh dina nyarita sapopoé?

Jawaban	:
Alesan	:

Gambar 3.2 : Angkét Campur Kode

3) Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa. Dina kartu data aya nomer atawa kode data, paragraf, prosés campur kode jeung kalimah.

Nomer/kode data	:
Paragraf ka	:
Prosés Campur Kode	:
Kalimah	:

Gambar 3.3 : Conto Kartu Data

Nomer/kode data	: C01
Paragraf ka	: 2
Prosés Campur Kode	: Lewat
Kalimah	: "...aya ogé nu jadi pinter lantaran diajar <i>lewat</i> internet."

Gambar 3.4 : Conto Eusi Kartu Data

Conto Ngalarapkeun Data:

C01/2/5

Keterangan:

C01 : Artikel Data 01

2 : Nuduhkeun Paragraf

5 : Nuduhkeun kalimah ka 5